

FÈY ENFÒMASYON



Kijan pou mwen enskri nan yon plan?

👉 [nystateofhealth.ny.gov
oswa](http://nystateofhealth.ny.gov/oswa)

📞 1-855-355-5777 oswa
TTY: 1-800-662-1220,
oswa

👤 Atravè èd gratis fas-a-fas
nan men yon asistan
sètifye tou prè lakay ou
oubyen travay ou.

Èske ou kapab ede mwen lang mwen?

Gen èd ki disponib nan lang ou
nan telefòn ak fas-a-fas.

Kilè mwen ta kapab enskri nan yon plan.

Enskripsyon pou Essential
Plan louvri pandan tout ane a.

NY State of Health konfòmè ak lwa
Eta a ki anplas yo epi li pa fè
diskriminasyon vi baze sou ras,
koulè, oriin nasyonal, kwayans/
relijyon, laj, sèks, eta /sitasyon
familyal, dosye arrestasyon,
kondanasyon penal, idantite
seksyèl, oryantasyon seksyèl,
karakteristik predispozisyon
jenetik, sitiayson militè, viktim
vyolans nan kay epi/oswa vanjans.

KÈK TI ENFÒMASYON SOU Essential Plan

Kisa Essential Plan ye?

Yon plan sante pou Moun New York. Li koute mwens lajan pase lòt plan
sante. Epi li ofri menm avantaj enpòtan yo.

Kimoun ki kapab achte li?

Moun ki pa touche ase revni epi ki pa kalifye pou Medicaid oswa Child
Health Plus.

Kantite Moun ki nan kay la	Pifò lajan ou kapab touche
1	\$25,520
2	\$34,480
3	\$43,440
4	\$52,400

Konbyen li koute?

Swa \$20 pa mwa pou chak moun - mwens pase yon dola pa jou oswa
ANYEN.

Ki lòt fason l ap ede mwen ekonomize lajan?

Li PA GEN FRANCHIZ, poutèt sa plan an ap kòmanse peye pou swen
sante ou touswit.

W ap resevwa SWEN PREVANTIF GRATIS tankou egzamen woutin doktè
ak evalyasyon pou kenbe ou ansante.

Kisa Essential Plan garanti?

Menm sèvis yo garanti nan lòt plan yo, tankou:

- vizit doktè, tankou espesyalis
- tès doktè ou rekòmande yo
- medikaman sou preskripsiyon
- swen pasyan ki entène ak swen pasyan ki pa entène nan yon lopital
- ak plis bagay toujou.